



ETA KAWOLIN DINÒ
KONSÈY EGZAMEN

DEKRÈ POU AFIDAVI

SOU DOSYE:

Desizyon Otorite Siperyè yo.

ATTN:

Demandè

Anplwayè

Selon N.C. Gen. Stat. §§ 96-4(c) and 96-15(e), dosye sa te vini devan Konsèy Egzamen an ("Konsèy") pou konsidere apèl **demandè a oswa anplwayè a** de (yon lòd pou rejte) (yon desizyon) pa Abit Apèl sou nimewo dosye.....nan apèl la, demann pou tandem apèl la ankò (yon kopi atache).

Nan objèktif pou vrèman konsidere vale demann pou tandem apèl la ankò, a dwe soumèt afidavi yo, siyen epi asèmante devan yon note piblik, ki eksplike oswa reponn avèk sikonstans espesifik sa yo (non, zòn, dat, lè, elatriye) ki antoure echèk..... Pou prezante nan odyans lan devan Abit Apèl la nan dat.....oswa pa rive fè demann yon chanjman nan dat oswa lè pwogramasyon odyans lan jan li prezante a sou Avi Odyans ki te voye pa lapòs bay tout pati yo nan dat.....:..... a kapab soumèt tou yon afidavi avèk nenpòt enfòmasyon ki kapab gen rapò avèk dosye sa.

Afidavi nan fòm ki mansyone pi anvan an **dwe voye bay pati opoze yo epi dwe genyen von deklarasyon ki sètifye, von kopi te founi bay pati opoze a**. Anplis, afidavi yo dwe resevwa pa Konsèy Egzamen an, Post Office Box 28263, Raleigh, NC 27611-8263, jiska 5è pm lè nan lès la nan dat..... Si yon pati pa rive konfòme l avèk kondisyon presedan yo sa pral fè afidavi yo pa konsidere pa Konsèy Egzamen an nan revizyon li an, oswa demann apèl.....a pou tandem odyans lan ankò refize. Yon kopi ki lizib, epi ki fakse pral resevwa nan jou li fakse a nan (919) 715-7193, selon 24 N.C. Kòd Admin. 24A .0106.

NAN KA SA LI ÒDONE

Manm Konsèy Egzamen an John S Doe avèk Susan S Doe te patisipe nan apèl sa epi te dakò avèk desizyon sa.

ENPOTAN—GADE PAJ KI SWIV LA

Desizyon Otorite Siperyè yo.



Paj De nan De Sa .

KONSÈY EGZAMEN

Prezidan

AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE YO

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) (enkli moun antrepriz tyès pati yo k ap sèvi antanke anplwayè administratè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 and § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizon yon avoka dwe ekri konfòm avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Yon reprezantasyon legal nan pwosesis jidisyè dwe an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Admin. Code 24C .0504, lòske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout dokiman ki te founi pa yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 Jyen 2013 yo, demandè a fè sijè ranbousman alokasyon li te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèse pita pandan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).

Apèl ki te depoze:

Desizyon ki te voye pa Lapòs: